



**Department of
Education**

Chancellor Richard A. Carranza

Office of the Chancellor
52 Chambers Street | New York, NY 10007 212
374 0200 tel | 212 374 5588 fax
nycchancellor@schools.nyc.gov imèl

Chè paran oswa
responsab:

Sante pitit ou a enpòtan pou nou. Nan lekòl Vil Nouyòk, yo ofri nan kou edikasyon sante konesans ak leson sou vyolans ak prevansyon domaj ; sante emosyonèl ak sante mantal, nitrisyon ak aktivite fizik ; tabak, alkòl ak lòt dwòg ; sante fanmi ak seksyalite ; VIH/SIDA; sante pèsonèl ak sante konsomatè. Envestisman Majistra de Blasio fè pandan plizyè ane nan nouvo pwojè Health Ed Works la ranfòse angajman DOE nan sante elèv lè li ogmante sipò pou edikasyon sante nan tout lekòl nou yo.

Depatman edikasyon Eta Nouyòk (*New York State Department of Education, NYSED*) mande pou yo ofri pandan yon semès kou edikasyon sante konplè nan lekòl presegondè ak lekòl segondè. Nan kou sa a elèv aprann viv yon vi an sante epi yo evite gen konpòtman ki mete yo an danje. Gen nan ansèyman kou edikasyon sante ak klas segondè leson sou sante seksyèl ki apwopriye pou laj pitit ou. Nou fè kou sa a anplis kou sou VIH/SIDA eta a egzije pou ane a nan klas Kindergarten jiska klas 12yèm ane.

Kou sou sante seksyèl bay elèv adolesan enfòmasyon medikal presi ak ladrès pou kominike pou ede yo pran desizyon ki ka kenbe yo ansante ak lwen danje. Menm objektif nou genyen se fè jenn timoun lekòl pa angaje yo nan aktivite sèks twò bonè.

Nou konnen ke elèv nou yo ak fanmi yo gen divès kwayans, kilti ak koutim. Valè fanmi sa yo se gid prensipal, esansyèl pou lavi pitit ou a. Kòm yon paran/responsab legal, ou gen dwa pou fè pitit ou pa patisipe "opt out" nan kèk kou sou planing ak metòd prevansyon SIDA/sti. Ou pa ka anpeche pitit ou patisipe nan kou k ap pale sou abstinans seksyèl ak lòt kou edikasyon sante seksyèl. Si w gen kesyon sou leson ou ka anpeche pitit ou a patisipe, tanpri pale avèk direktè lekòl la, kowòdonatè paran an, oswa pwofesè edikasyon sante nan lekòl pitit ou a.

Si w ta renmen retire pitit ou a nan kou k ap pale sou planing ak prevansyon HIV/STI, ekri yon lèt ba direktè lekòl pitit ou ye a. Ou dwe di nan lèt la ke :

- Pitit ou a pa dwe nan salklas la pandan kou sou planing ak metòd prevansyon VIH/enfeksyon moun pran nan fè sèks (STI); epi
- W ap bay pitit ou a ransèyman sou jan pou prevni maladi sa yo lakay ou.

Menm jan nan tout domèn, paran ak responsab yon timoun se premye pwofesè l ak pwofesè ki gen plis enfluyans sou li. Paran, responsab ak lekòl yo pataje menm objektif: Nou vle elèv tout laj an sante nan tout aspè lavi yo. Mande pitit ou a sa l ap aprann nan kou edikasyon sante nan tout kou leson yo, pa sèlman leson ki gen pou wè ak sante seksyèl. Si w bezwen plis enfòmasyon sou kou edikasyon sante pitit ou a ap suiv la, pale avèk direktè ak pwofesè pitit ou a. Epi, asire pitit ou a konnen sa w panse ki pi bon mwayen pou mennen yon vi an sante.

Avèk senserite,

Richard A. Carranza